

## **BAB III**

### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

#### **3.1 Méhode Panalungtikan**

Istilah métode asalna tina kecap *methods* (basa Latén), nu hartina tarékah, stratégi, atawa siasat maham realitas (kanyataan) dumasar léngkah-léngkah sistematis pikeun ngungkulan runtuyan sabab-akibat (kausalitas). Fungsi métode nya éta pikeun ngungkulan pasualan dina hiji panalungtikan (Ratna, 2012, kc.34). Dina enas-enasna mah, métode téh minangka léngkah ngahontal hiji udagan pikeun nyangking kagemblengan hasil dina panalungtikan. Ku lantaran kitu, unggal panalungtikan salawasna baris merlukeun métode anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal pikeun bahan panalungtikan.

Métode panalungtikan mangrupa hiji kagiatan ngumpulkeun jeung maluruh data anu sipatna sistemis jeung logis (Sukmadinata, 2015, kc. 5). Méhode bisa mangrupa angkét, wawancara, niténan hiji hal atawa observasi, ngalakukeun tés, jeung dokumentasi (Arikunto. 2013, kc. 203). Anapon métode panalungtikan nurutkeun Sugiyono (2015, kc. 3) nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data anu miboga udagan jeung mangpaat anu tangtu. Ku kituna, pikeun ngahontal tujuan dina ieu panalungtikan mikabutuh téhnik atawa metode pikeun panalungtikan.

Ieu panalungtikan ngagunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode deskriptif. Nurutkeun Sugiyono (2017, kc. 9) pamarekan kualitatif nyaéta téhnik panalungtikan anu miboga dasar filsafat postpositivisme sarta miboga udagan pikeun nalungtik hal anu sipatna alamiah. Nurutkeun Sukmadinata (2015, kc. 60) pamarekan kualitatif miboga udagan pikeun ngagambarkeun *to describe*, maluruh *to explore*, jeung ngajéntrékeun *to explain*.

Métode deskriptif nurutkeun Sukmadinata (2015, ke 72) nyaéta hiji cara pikeun ngadéskripsikeun atawa ngagambarkeun fenomena-fénoména anu aya, boh anu sipatna alamiah boh sipatna rekayasa manusa. Cindekna, métode


deskriptif mangrupa hiji tarékah pikeun ngadéskripsikeun masalah anu sipatna ilmiah. Téhnik deskriptif analisis digunakeun pikeun ngadéskripsikeun hasil panalungtikan novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna (Ulikan Struktural jeung Antropologi Sastra).


### 3.2 Désain Panalungtikan

Saméméh nalungtik, kudu nyusun rarancang heula, anu satuluyna disebut désain panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 90) désain panalungtikan nyaéta rencana atawa rarancang nu dijieun ku panalungtik, salaku ancar-ancar kagiatan, nu bakal dilaksanakeun. Désain panalungtikan anu dilaksanakeun miboga sababaraha lèngkah, anapon digambarkeun dina ieu bagan 3.1 di handap.

#### Bagan 3.1

##### *Désain Panalungtikan*





### 3.3 Téhnik Panalungtikan

Tèhnik panalungtikan téh nyaéta salasahiji cara atawa prosédur anu kudu dilaksanakeun kalayan métode anu tangtu pikeun ngahontal tujuan dina panalungtikan (Suyatna, 2011, kc. 18). Dina ieu panalungtikan aya dua tahap téhnik anu dilarapkeun nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

#### 3.3.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2012, kc. 291) nétélakeun studi pustaka téh penting pisan dina panalungtikan, ku lantaran dina panalungtikan tangtu moal leupas tina literatur ilmiah. Ku kituna, téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka, kalawan léngkah-léngkahna nya éta: (1) néangan sumber data, (2) maca naskah, (3) ngaidéntifikasi masalah, (4) ngarumuskeun masalah.

### 3.3.2 Téhnik Ngolah Data

Téhnik nu dipaké ngolah data panalungtikan nyaéta ngagunakeun téhnik analisis. Analisis mangrupa tarékah anu dilakukeun pikeun ngaorganisasikeun data, milah-milah data jadi hiji hal nu bisa dikokolakeun, disisténsikeun, ditéangan sarta manggihan hal-hal anu penting nu bisa diajarkeun tur dicaritakeun ka jalma séjén Bogdan jeung Biklen (dina Moleong, 2007, kc. 248). Anapon téhnik analisisna nyaéta analisis struktur carita jeung unsur antropologi dina novel *Sasalad*.

### 3.4 Instrumén Panalungtikan

Arikunto (2013, kc. 203) nétélakeun yén instrumén panalungtikan mangrupa alat atawa pakakas nu digunakeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data sangkan pagawéanana jadi leuwih babari sarta hasilna leuwih hadé, dina harti leuwih taliti, lengkep jeung sistematis nepi ka leuwih babari dikokolakeunana. Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tabél jeung kartu data. Sakabéh data unsur strukturalisme jeung antropologi sastra dina novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna téh disalin kana tabél jeung kartu data sarta dibéré idéntitas. Masing-masing idéntitas nuduhkeun judul novel, kaca, ungkara, jeung posisi téksna anu satuluyna dipaluruh deui unsur strukturalisme jeung antropologi sastrana. Anapon format tabél jeung kartu datana saperti ieu di handap.

#### 3.4.1 Instrumen Ngumpulkeun Data

**Tabél 3.1**

*Conto Kartu Data Téma*

Kartu Data Téma
Kode Data:
Téma:
Cutatan:

**Tabél 3.2**

*Conto Kartu Data Galur*

Kartu Data Galur
Bagian:
Cutatan:

**Tabél 3.3**

*Conto Kartu Data Latar*

Kartu Data Latar
Kode Data:
Jenis Latar:
Cutatan:

**Tabél 3.4**

*Conto Kartu Data Tokoh jeung Penokohan*

Kartu Data Tokoh jeung Penokohan
Jenis Tokoh:
Ngaran Tokoh:
Watek Tokoh:

**Tabél 3.5**

*Conto Analisis Struktur Carita Novel Sasalad*

Kartu Data 1
Kode Data: SC/1/4
Téma: Sasalad pés nu mahabu, pagaliwota jeung karipuh masarakat leutik dina alam kolonial

Cutatan: di lembur-lembur pagebug ku sasalad pés, layon-layon pabalatak, sawatara lembur pangeusina nepi ka béak, teu walakaya nyanghareupan wabah nu tacan aya ubarna.

Pengkodean data dina kaca saméméhna dumasar kana unsur anu dianalisisna sangkan leuwih jéntré, katerangan data baris dipedar.

Kode : SC/1//4

SC = Struktur Carita

1 = nuduhkeun kana kartu data 1 (téma)

4 = nuduhkeun kana kaca 4

**Tabél 3.6**

*Instrumen Ngumpulkeun Data Unsur Antropologi Sastra*

No	Unsur-Unsur Antropologi Sastra	Cutatan	Kaca	Katerangan
1.	Mangsa Heubeul			
2.	Kaarifan Lokal			
3.	Folklor			
4.	Mitos			

### 3.4.2 Instrumen Ngolah Data

#### 1) Kartu Data Analisis Struktur Carita

##### (1) Téma

<b>Kartu Analisis Téma</b>	
Cutatan:	
Analisis:	
	(Kaca)

**Gambar 3.1**

*Kartu Data Analisis Struktur Téma*

## (2) Fakta Carita

<p style="text-align: center;"><b>Kartu Analisis Fakta Carita</b></p> <p style="text-align: center;"><b>(Galur, Palaku jeung Penokohan, Latar)</b></p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p> <p style="text-align: right;">(Kaca)</p>
--

**Gambar 3.2**

*Kartu Data Analisis Struktur Fakta Carita*

## (3) Sarana Sastra

<p style="text-align: center;"><b>Kartu Analisis Sarana Sastra</b></p> <p style="text-align: center;"><b>(Judul, Puseur Implengan, Gaya Basa)</b></p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p> <p style="text-align: right;">(Kaca)</p>
---

**Gambar 3.3**

*Kartu Data Analisis Struktur Sarana Sastra*

## 2) Kartu Data Analisis Antropologi Sastra

### (1) Mangsa Heubeul

<p style="text-align: center;"><b>Kartu Analisis Mangsa Heubeul</b></p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p> <p style="text-align: right;">(Kaca)</p>
---

**Gambar 3.4**

*Kartu Data Analisis Mangsa Heubeul*

## (2) Kaarifan Lokal

<p style="text-align: center;"><b>Kartu Analisis Kaarifan Lokal</b></p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p> <p style="text-align: right;">(Kaca)</p>
---

**Gambar 3.5**

*Kartu Data Analisis Folklor*

## (3) Folklor (Tradisi Lisan jeung Sastra Lisan)

<p style="text-align: center;"><b>Kartu Analisis Folklor</b></p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p> <p style="text-align: right;">(Kaca)</p>
--

**Gambar 3.6**

*Kartu Data Analisis Folklor*

## (4) Mitos

<p style="text-align: center;"><b>Kartu Analisis Mitos</b></p> <p>Cutatan:</p> <p>Analisis:</p> <p style="text-align: right;">(Kaca)</p>
--

**Gambar 3.7**

*Kartu Data Analisis Mitos*

### 3.5 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Pikeun meunang hasil panalungtikan anu rélevan, hal penting nu teu bisa dilésotken dina prosés panalungtikan nyaéta maluruh data jeung sumber data.

#### 3.5.1 Data

Data dina ieu panalungtikan nyaéta struktur carita jeung unsur antropologi sastra dina novel *Sasalad*. Struktur carita novel ngawengku téma,



fakta carita (galur, palaku jeung penokohan, jeung latar), jeung sarana carita (judul, puseur panitén, jeung gaya basa). Salian ti struktur carita, ogé medar ngeunaan antropologi sastrana anu ngawengku mangsa heubeul, kaarifan lokal, folklor, jeung mitos.


### **3.5.2 Sumber data**

Data dina ieu panalungtikan nya éta sagemblengna eusi carita nu aya dina novel *Sasalad*. Arikunto (2010, kc.172) nyebutkeun yén sumber data panalungtikan nya éta subjék data anu ditalungtik. Sacara gurat badag, sumber data ngawengku tilu rupa nya éta jalma (person) nya éta sumber data anu bisa méré data mangrupa jawaban lisan ngaliwatan wawancara atawa jawaban tinulis tina angkét, tempat (place) nya éta sumber data nu mangrupa tampilan dina kaayaan cicing atawa gerak. Kaayaan cicing jeung gerak mangrupa objék pikeun métode observasi. Kertas atawa dokumén (paper) nya éta sumber data nu mangrupa tanda-tanda hurup, angka, gambar, atawa simbol-simbol séjén. Dokumén mangrupa objék pikeun métode dokuméntasi.

Dumasar pedaran di luhur, sumber data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta data dina kertas atawa dokumén (paper). Kertas atawa dokumén (paper) nu digunakeun nya éta novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna sarta dideudeulan ku buku-buku lianna anu ngarojong kana ieu panalungtikan

#### **3.5.2.1 Idéntitas Buku Novel Sasalad**

- 1) Judul : *Sasalad*
- 2) Pangarang : Dadan Sutisna
- 3) Pamedal : Pustaka Jaya
- 4) Kandalna : 324 kaca
- 5) Taun : 2020



**Gambar 3.8**

*Sampul Novel Sasalad*

Novel *Sasalad* karya Dadan Sutisna mangrupa novel anu génréna roman jeung horor atawa anu patalina jeung hal mistis anu pagaliwota jeung kahirupan manusa jaman harita, sabangsaning jin jeung dedemit. Dina ieu novel *Sasalad* nyokot kasang tukang tatar Garut taun 1919-1930. Di dinya aya kacinta nu teu saat, neuteuli nu teu leungit, kadugalan, riributan, élmu hideung, nu keukeuh hayang baruntak, kasakit nu mahabu, pagaliwota jeung karipuh masarakat leutik dina alam kolonial. Anu jadi cukang lantaran pasualan dina ieu caritanyanaéta basa mojang buah haténa kawin ka batur, Sutaya tokoh utama nyambat ajian halimunan, tuluy asup ka kamar pangantén mojang buah haténa. Ti harita manéhna katulah ku élmunu sorangan, leungit awak salila welasan taun. Geus diubaran ku rupa-rupa cara, nepi ka nyoba-nyoba maténi diri, tapi teu cageur-cageur. Antukna ngacacang ka mana-mendi, sakitu taun abur-aburan di tatar Garut, nyorang pirang-pirang kajadian, tapi kasono ka éta awéwé teu weléh hurung. Waktu rék ditepungan deui, di lembur-lembur keur pagebug ku sasalad pés. Layon-layon pabalatak, di barak jalma-jalma tingkocéak. Sawatara lembur pangeusina nepi ka béak, teu walakaya nyanghareupan wabah nu tacan aya ubarna.

**Sumber:**

<https://www.google.com/url?sa=i&url=https%3A%2F%2Fm.ayobandung.com>

### 3.5.2.2 Biografi Singget Pangarang



**Gambar 3.9**

*Biografi Dadan Sutisna*

Dadan Sutisna, lahir di Sumedang, 22 Pébruari 1978. Resep kana nulis ti keur di SMA, malah sabada tamat tuluy jadi wartawan di majalah *Manglé*, nepi ka taun 2003. Ti taun 2003 milu ngokolakeun majalah *Cupumanik*, tuluy jadi redaktur di penerbit Kiblat Buku Utama, jeung ayeuna di penerbit Pustaka Jaya. Ngarang basa Sunda dina wangun carpon, éséy, novél, jeung carita barudak. Aya opat carita barudak nu geus dibukukeun, tilu diantaranya dilélér Hadiah Samsudi. Salian ti éta, Sabalakana nu mangrupa novel déwasa munggaran Dadan, asup nominasi Hadiah Sastra Rancagé 2014 jeung novel anyarna nyaéta *Sasalad* asup nominasi Hadiah Sastra Rancagé 2021. Dina nulis carponna geus leuwih ti 100 judul, tapi can aya nu dibukukeun. Lian ti ngarang téh, karesepna ngulik program komputer. Ti taun 2006 geus resep ngumpul-ngumpul data digital pangpangna dina basa Sunda, tuluy diolah sangkan babari maluruhna. Ladangna téh, bisa milu jadi Tim Unicode Aksara Sunda (2008) jeung nalungtik *Kamus Utama Basa Sunda* (ti taun 2012). Sakapeung sok pirajeunan ngarang dina basa Indonésia. Nu geus bérés mah aya dua novél, *Nyi Manganti* (2018) jeung *Sang Lembayang* (2019). Duanana kapilih jadi 8 besar dina Sayémbara Novél Déwan Kesenian Jakarta taun 2018 jeung 2019.

**Sumber:**

<https://web.facebook.com/photo?fbid=10211757161882964&set=a.1272876440453>

